ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№65 (24.971) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



## IэщIагъэм хуэIэзэхэм гулъытэ ягъуэт

**Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий лэжьыгъэ IуэхукIэ республикэм къэкIуащ.**

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** абы щыIущIам тепсэлъыхьахэщ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм, щIыналъэм щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм.

Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым кърикIуахэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, промышленностым къыщIигъэкIым и индексыр проценти 109,3-рэ хъуащ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм ейр проценти 103,9-рэ, сатууэ ящIыр проценти 104,8-рэ. Мэкъумэш IэнатIэм къыщалэжьар проценти 3,8-кIэ нэхъыбэщ. Республикэ бюджетым и хэхъуэр щIышылэм - мэлыжьыхьым кърикубыдэу, илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм зэрыщытам нэхърэ проценти 8-кIэ нэхъыбэ хъуащ, езым и хэхъуэм щIригъэгъуащ процент 13-кIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтщ ягъэзащIэ лъэпкъ проект 12-м, абыхэм трагъэкIуэдэну хухахар сом мелард 14,3-рэ мэхъури, мелард 11,7-р къэрал бюджетым къыхокI. Мы зэманым яухуэми, зэрагъэпэщыжми, зэIузэпэщ ящIми ухуэныгъи 140-м йолэжь, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ, спорт, гъуэгу, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм хыхьэу.

Чайкэ Юрий Налшык щыщыIам кърикубыдэу зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзэну хуейхэми епсэлъащ. Абы щыхэплъащ КИФЩI-м щыпсэухэм къэралым и унафэщIым зэрызыхуагъазэ Iуэхухэм.

Къапщтэмэ, абыхэм ящыщт Налшык сабий сад щыухуэным, Черкесск къалэм щыщ, дзэ Iуэху хэхам хэтым и унэм газыр ешэлIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр и кIэм нэгъэсыным, Мэхъэчкъалэ фэтэр куэду зэхэт и унэхэм ящыщ зыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, Ставрополь щIыналъэм хыхьэ Предгорнэ муниципальнэ округым хиубыдэ, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгур зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIахэр. Зытепсэлъыхьа Iуэху псори зэрагъэзэщIэнум теухуа унафэхэр къащтащ, зыхуэфащэ IэнатIэхэм пщэрылъхэр ящищIащ.

Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий а махуэ дыдэм ФIыщIэгуапэ тхылъхэр яритащ щIыналъэм щыпсэухэу республикэм и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм.

Апхуэдэ гулъытэ зыгъуэтахэм ящыщщ я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ ягъэлъэпIахэу «Ленинцы» гъэш комплексым и жэмыш Меньшаевэ Надеждэ, «Партнер» ООО-м и инженер нэхъыщхьэ Жамборэ Мухьэрбэч, къудамэм и унафэщI - дохутырсурдолог-отоларинголог Азаматовэ Элеонорэ, Шыд Хь. Т. и цIэр зезыхьэ курыт школ №2-м и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Мезенцевэ Любовь, «Урысейм и агрохимие къулыкъу» ФГБУ-м и унафэщI Беслъэней СулътIан сымэ.

КIуэкIуэ Казбек Чайкэ Юрий фIыщIэшхуэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам, республикэм щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр къазэрыдиIыгъым, гулъытэ къазэрыхуищIым папщIэ.

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.

## Зэрагъэкъабзэр зрегъэлъагъу

**Герхожан-Суу псым Тырныауз къалэм деж хуэзэу иIэ, ятIэпсхэр бгыхэм щызэтрихьэмэ, къызэрех жапIэр зэрагъэкъабзэр зригъэлъэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Лэжьыгъэхэр жэщ-махуэ имыIэу ирагъэкIуэкI - ятIэр къыдаш, нэпкъым и Iуфэхэр ягъэбыдэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIымрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Отаров Мухътаррэ тепсэлъыхьащ щIыпIэм зегъэужьыным пыщIа зи чэзу Iуэхухэм. Нэхъыщхьэу зэфIагъэкIын хуейхэм ящыщщ Гундэлэн къуажэм сабий садрэ щIэблэр гъуазджэм щыхуагъасэ еджапIэрэ щыухуэныр, Бахъсэн Ипщэм еджапIэр, Iуащхьэмахуэ жылэм сабий садыр къызыхуэтыншэу щызэгъэпэщыжыныр.

И кIэм нагъэблэгъащ «Геолог» спорткомплексыр, Тырныауз дэт щIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэр, Гундэлэн дэт дохутыр амбулаторэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр.

«ПсэупIэмрэ къалэм и зэIузэпэщыгъэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу пащэ Эльбрусскэ проспектыр зэIузэпэщ щIыныр – «Геолог» спорткомплексым щегъэжьауэ лицей №1-м нэс.

КъимыдэкIэ, Бедык къуажэм яужь щихьащ псы зрикIуэ бжьамийхэр зэхъуэкIыным - бжьамиищIэхэр километри 3,6-м щыдалъхьэнущ.

Тырныауз къыщыщIэдзауэ Джылы-Суу аузым нэсу километр 12 зи кIыхьагъ мывэкIэщхъ гъуэгу тралъхьэну я мурадщ. Абы нэмыщI, фэтэр куэду зэхэт унэхэм ящыщу 16 сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжынущ.



### IэнатIэм щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ

2-нэ нап.



### Адыгэ газетхэмрэ журналхэмрэ Москва щагъэлъагъуэ

4-нэ нап.



### Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ я кIыщ

9-нэ нап.



### Сабиигъуэм епха гукъэкIыжхэм я зы пшыхь...

10-нэ нап.



### Къэзыухххэм ехъуэхъуащ

12-нэ нап.




# IэнатIэм щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ

**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м дыгъуасэ щригъэкIуэкIащ блэкIа илъэсым, мы гъэм и япэ мазищым зэрылэжьар къыщапщытэжа, адэкIэ я мурадхэр щагъэнэIуа зэIущIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

НОБЭКIЭ гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр», «Унагъуэ», нэгъуэщI лъэпкъ пэхуэщIэхэрщ. Ахэр ди щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм, зрагъэгъуэта ехъулIэныгъэхэм, зэфIаха лэжьыгъэхэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. КъулыкъущIэм зэрыжиIамкIэ, мы унэтIыныгъэмкIэ яIэ ехъулIэныгъэхэр къэплъытэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и щIыналъэ нэхъыфI дыдэу 10-м яхэхуащ.

- 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 908214-рэ щыпсэууэ ятхащ. Абыхэм ящыщу 219265-р сабийщ. Ди IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэр едгъэфIакIуэкIэрэ, зэрыпсэу илъэс бжыгъэм хэдгъэхъуэнырщ, сабий цIынэу дунейм ехыжхэр гъэмэщIэнырщ. Къыхэгъэщыпхъэщ блэкIа илъэси 5-м кърикIуэ... 

- 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 908214-рэ щыпсэууэ ятхащ. Абыхэм ящыщу 219265-р сабийщ. Ди IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэр едгъэфIакIуэкIэрэ, зэрыпсэу илъэс бжыгъэм хэдгъэхъуэнырщ, сабий цIынэу дунейм ехыжхэр гъэмэщIэнырщ. Къыхэгъэщыпхъэщ блэкIа илъэси 5-м крибыдэу ди республикэм ехъулIэныгъэфIхэр зэрыщызэдгъэгъуэтар. Псалъэм папщIэ, Урысей псом цIыхухэм я ныбжьыр ику иту илъэс 72-рэ щыхъумэ, КъБР-м а бжыгъэр илъэс 77-м щыщIегъу. 2025 гъэм я ныбжьыр зы илъэсым нэмысу сабий 22-рэ дунейм ехыжащ, 2024 гъэм апхуэдэхэр 36-рэ хъууэ щытащ. Къыхэгъэщыпхъэщ блэкIа илъэсым лъхугъэм зы ани зэримылIыкIар, - жиIащ Къалэбатэм.

2019 - 2025 гъэхэм дунейм ехыжахэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я процент 39,9-р лъым епха узым ихьащ, процент 15,6-р – лышхым, 12-р – насыпыншагъэхэм хаха фэбжьым, 5,9-р – лъатэ, кIуэцI узыфэхэм.

Ухуэныгъэхэм я гугъу пщIымэ, медицинэ IуэхущIапIэ 16 зыхуей хуагъэзэжащ, яухуащ. Апхуэдэу амбулаторэщIэхэр щаухуащ Кэнжэ, Белая Речкэ, Къубэ-Тэбэ, Светловодскэ, Красносельскэ, Дей, Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм. КъищынэмыщIауэ, къащэхуащ Iэмэпсымэ 16-рэ санитар машинэ 14-рэ.

Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ узыфэ шынагъуэхэр къэунэхуагъащIэу къахутэ ди дохутырхэм, сэкъатыншэу ягъэхъуж. Иужьрей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ Каменомост, Дыгулыбгъуей, Нартан, Къэщкъэтау, Анзорей къуажэхэм дэт, цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапIэхэр.

Яухуащ икIи лэжьэн щIидзащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм нэхъ ин дыдэу ит къалэ поликлиникэ №1-м. Ар мэхъу метр зэбгъузэнатIэ мини 9, унэтIыныгъэ щхьэхуэ зыбжанэ хэтщ, цIыхухэм махуэкIэ абы щIэлъу щоIэзэ, эндоскопие къэпщытэныгъэ мин 20 илъэсым щрагъэкIуэкI.

- Ди щIыналъэм и ехъулIэныгъэфIхэм ящыщщ цIыхухэм дэIэпыкъуэгъу псынщIэ щагъуэт къудамэу щIыналъэ клиникэ сымаджэщым деж къыщызэIутхар. Гу лъытапхъэщ мы къудамэм хуэдэ куэдым зэрамыIэр, икIи Урысей Федерацэм щыIэхэм ятепщIыхьмэ, псом нэхърэ нэхъыфIу къызэралъытар. Дызытепсэлъыхь къудамэщIэм къэрашалIэ насыпыншагъэм фэбжь хэзыхахэр. Абыхэм ягъуэта дыркъуэм теухуауэ чэзууэ дохутыр къоплъ, я узыншагъэр псынщIэу къапщытэри, щхьэж хуаубзыхуа дэIэпыкъуныгъэ ягъуэт. Мы екIуэлIапIэр къызэгъэпэщыным сом мелуан 323-рэ текIуэдащ 2025 гъэм, - жиIащ Къалэбатэм.

Ди дохутырхэр ехъулIащ инфарктымрэ инсультымрэ гъэмэщIэнымкIэ, диабет зэфыкI сабийхэмрэ цIыхубз уэндэгъухэмрэ я фошыгъур зэрыдэкIуеяр къызэрапщ Iэмэпсымэхэр пщIэншэу къахудэхынымкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ IэнатIэм лэжьыгъэ хъарзынэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр икIи медицинэ лэжьакIуэхэмрэ республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и гупымрэ фIыщIэ яхуищIащ ехъулIэныгъэ яIэу я къалэныр зэрагъэзащIэм папщIэ.

- ЩIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр егъэфIэкIуэнымкIэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм адэкIи къыпытщэнущ. Республикэ сабий сымаджэщым узыфэ зэрыцIалэхэм щеIэзэ къудамэ къыщызэIутхыну, худэчых зиIэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным хухах мылъкум, медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэдгъэхъуну ди мурадщ. Iуэху нэхъыщхьэу къэнэжхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зыхуэныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр, я узыншагъэр егъэфIэкIуэжынымкIэ, санаторэхэм кIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуныр, - къыхигъэщащ Iэтащхьэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**«Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъур щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъур щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №-63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, «г» пункт къуэдзэ, мыпхуэдэу иту, хэгъэхьауэ;

«г) Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зезыгъакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэм епхауэ къулыкъур езыхьэкI дзэхэм хэтыну зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэмэ - 2026 гъэм мазаем и 20-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм гъатхэпэм и 31 пщIондэ - сом мин 1800-рэ, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30 пщIондэ - сом мин 2400-рэ (мы пунктым и пункт къуэдзэ «б»-м къыщыгъэлъэгъуа ахъшэр ирамыту).».

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр**
**Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм накъыгъэм и 25-м*
*№47-УГ*



# Гъунапкъэм темыплъэкъукIхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм и ФСБ-м Гъунапкъэр хъумэнымкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и лэжьакIуэхэм Гъунапкъэхъумэм и махуэмкIэ ехъуэхъуащ.**

«Гъунапкъэр зыхъумэ къулыкъущIапIэм и ветеранхэу, и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Фи IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ - Гъунапкъэхъумэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Нобэ дэ догъэлъапIэ къэрал гъунапкъэр хъумэным я гуащIэр хэзылъхьахэр, къэрал цIыхубэм я гъащIэмрэ шынагъуэншагъэмрэ, Хэкумрэ абы и щхьэхуитыныгъэмрэ къэрэгъулу щхьэщытхэр.

Гъунапкъэхъумэ къулыкъущIапIэм щызекIуэ хабзэхэр зэман кIыхькIэ зэтеуващ, лIыгъэрэ щыпкъагъэрэ зыхэлъ зауэлIхэм ныбжькIэрэ зэIэпахыу.

Хэку зауэшхуэм и зэманым абыхэм лIыхъужьыгъэм и щапхъэ къызэрымыкIуэхэр къагъэлъэгъуащ. Бийм и япэ удыныр зытрагъэахуэу, абыхэм къимыкIуэту къэралым и щIыр яхъумащ икIи апхуэдэ щIыкIэу ТекIуэныгъэ Иныр нэхъ гъунэгъу къащIащ.

Къэралыр зыхъумэфынур хахуагъ зыхэлъхэмрэ IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэмрэщ. Апхуэдэ хьэл-щэн яхэлъщ Гъунапкъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ управленэм и лэжьакIуэхэм. Нобэ абыхэм пщIэ яIэу ирахьэкI ди Хэкум и шынагъуэншагъэм хуэсакъын пщэрылъыр, лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьапхъэм фIыуэ хащIыкIрэ шынэ жыхуаIэр ямыщIэу.

ФIыщIэшхуэ фхузощI фи зауэлI тхьэрыIуэм фызэрытетым, лIыгъэ фхэлъу, псэемыблэжу лэжьыгъэм фызэрыбгъэдэтым папщIэ.

ФIыщIэ щхьэхуэ яхуэфащэщ лэжьыгъэм щызрагъэгъуэта ехъулIэныгъэхэр къыдэкIуэтей щIэблэм езыт ветеранхэми.

Узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэу, Хэкум хуэвлэжь IуэхуфIхэм нэхъри фи пщIэр иIэтыну гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу».

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 30,**
***щэбэт***

♦**1952 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м и цIыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэн**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ тележиссёр, искусствоведениемкIэ кандидат, УФ-м и Артиадэм и лауреат **Сэралъп Самарэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 6 – 8 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 31,**
***тхьэмахуэ***

♦**ЦIыхухэр зэхуэмыгъэдэным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ**

♦**ЛъакъуэрыгъажэкIэ къызэдэжэн спорт лIэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1929 гъэм** къалъхуащ совет дзэ къулыкъущIэ, контр-адмирал **Тхьэгъапсэ Мэжид**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шэвлокъуэ Вячеслав**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Къарэнашэ Iэминат**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 1,**
***блыщхьэ***

♦**Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Адэ-анэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Шэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Къэжыхьыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1921 гъэм** «Красная Кабарда» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ культурологиемкIэ кандидат, профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, публицист **ЩауэцIыкIу Людмилэ**.

♦**1979 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 13: 6-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.
*Дыгъуасэ* - сабий 30: 18-р хъыджэбз цIыкIущ, I2-р щIалэщ.
*Накъыгъэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 632-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3635-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ПащIэм къимыхьыр жьакIэм къихьыжкъым.**




● Алыдж-урым бэнэкIэ

# Тхум щыщу зыр дыщэу

**Урысей Федерацэм цIыхухъухэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я чемпионат Суздаль къалэм мы махуэхэм щекIуэкIащ. Апхуэдэуи, ар и фэеплъу щытащ УФ-м и ЛIыхъужь генерал-лейтенант Кутузов Роман. Зэхьэзэхуэм щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 49-м я спортсмену 250-м нэблагъэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм медалитху чемпионатым къыщахьащ, абыхэм ящыщу зыр дыщэу. Ар зыIэригъэхьащ килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Локьяев Жамболэт икIи, абы и фIыгъэкIэ, Iэмал игъуэтащ мы гъэм Къэзахъстаным щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэну.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гулъытэншэу къигъэнакъым ди лъахэгъум и ехъулIэныгъэр. «Ди бэнакIуэ Локьяев Жамболэт нобэ Суздаль щытекIуащ УФ-м цIыхухъухэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я чемпионатым...

Си гум къыбгъэдэкIыу ди щIалэхэм я текIуэныгъэхэмкIэ сохъуэхъу, урысей спортым и щIыхьыр нэхъри лъагэу яIэтыну, сыт щыгъуи бжьыпэр яIыгъыну си гуапэщ», - щитхащ республикэм и лIыщхьэм Максым щиIэ каналым.

А зэпеуэм дыжьын медалхэр къыщахьащ КIэмпIарэ Маратрэ (кг 130-рэ) Гъуэныбэ Iэуесрэ (кг 82-рэ). Ещанэ хъуахэщ КъуийцIыкIу Ахьмэдрэ (кг 77-рэ) Ульбашев Iэдэмрэ (кг 55-рэ).

Ди бэнакIуэхэм я тренерхэр Щокъал Олег, Белгъэрокъуэ Эдуард, Умар Тимур, КIыщ Мурат, Гугъуэтыж Мухьэмэд, ГъуаплъащIэ ТIэхьир сымэщ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**

# ЩIыналъэр къызэхекIухь

**Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Iэдиб иджыблагъэ щыIащ районым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI социальнэ IуэхущIапIэхэм.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, «Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ мы махуэхэм Бахъсэн щIыналъэм къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж курыт еджапIэрэ сабий саду 7-рэ. Абыхэм яхэтщ Жанхъуэтекъуэ къуажэм и сабий садыр, Зеикъуэ, ХьэтIохъущыкъуей, Ислъэмей, Бахъсэнёнкэ жылэхэм я школхэр, нэгъуэщIхэри.

Мы щIыпIэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу ухуэныгъэхэм псоми я пкъыгъуэжьхэр къыщыпкърахыжащ, ХьэтIохъущыкъуеймрэ Ислъэмеймрэ я еджапIэхэм я пэшхэр кърашIыкIын щIадзащ. Школхэмрэ ухуакIуэхэмрэ я унафэщIхэм щепсэлъам, Абрэджым яжриIащ зыхуагъэувыжа пIалъэхэм тету лэжьыгъэхэм фIагъ лъагэ яIэу ахэр зэрырагъэкIуэкIын хуейр.

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм гулъытэ хэха хуищIащ «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Зеикъуэ къуажэм къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж Гъуазджэмкlэ сабий школым. Мыбы лэжьыгъэхэр и кIэм щынэблэгъащ, къэна мащIэхэр зэрагъэзэхуэж, гуфIэгъуэ зэхуэс иращIэкIыу къызэрызэIуахынум хуагъэхьэзыр.

Абрэдж Iэдиб районым и щIыпIэхэр къызэхикIухьа нэужь жиIащ лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ къэрал программэхэмрэ Бахъсэн щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм я нэIэ трагъэтыныр я лэжьыгъэм щынэхъыщхьэ Iуэхугъуэхэм зэрахыхьэр, социальнэ ухуэныгъэхэм щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэри зэхуагъэувыжа пIалъэхэм зэфIагъэкIын зэрыхуейр.

**БЭБЭЧ Башир.**

# Уасэхэм кIэроху

**2026 гъэм и мэлыжьыхьым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщекIуэкIа уасэхэм процент 0,3-кIэ кIэрыхуащ абы ипэ ита мазэм щыIахэм елъытауэ. Ар къызыхэкIар я чэзум ирихьэлIэу языныкъуэ ерыскъыхэм я куэдагъыр сату щIапIэхэм нэхъыбэ зэрыщыхъуамрэ сомым зэрызигъэбыдамрэщ.**

ЖЫПIЭНУРАМЭ, фIыуэ кIэрыхуащ джэдыкIэм и уасэм. Дауи, хуабэ зэрыхъужу, джэдхэм джэдыкIэ нэхъыбэ къатын щIадзащ. Апхуэдэуи, нащэр, бэдрэжаныр, шыбжий IэфIыр, бананыр, апельсин-мандаринхэр нэхъ пуд хъуащ къапщытэж пIалъэм кърикIуэм нэхъ пуд хъуащ къапщытэж пIалъэм къриубыдэу. Хуабэщым къыщагъэкIа хадэхэкIхэри сату щIыпIэхэм нэхъыбэ щыхъуащ, абы къыхэкIыуи, я уасэхэм кIэрыхуащ. Абы нэмыщI, электрокъаруурэ уэздыгъапщIэу трагъэкIуадэр нэхъ мащIэ зэрыхъуам я фIыгъи хэлъщ а Iуэхум.

Хамэ къэралхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэхэри иджыпсту нэхъ пудщ, сомым зэрызигъэбыдам и фIыгъэкIэ.

ЕрыскъыхэкIыу щымыт продукцэхэм ящыщу зи уасэм кIэрыхуам хохьэ телефон зэпыщIэныгъэм епха Iэмэпсымэхэр, телерадио хьэпшыпхэр, электроникэр, унагъуэхэм къыщагъэсэбэп техникэхэр. Мыбдежми, ар къызыхэкIар сомым зэрызигъэбыдамрэ кредитхэр «къызэрагъэлэламрэщ».

ЦIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу маршрут таксихэм я уасэм хагъэхъуащ, гъэсыныпхъэм, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм, улахуэм зэрыхагъэхъуам тещIыхьауэ.

КъищынэмыщIауэ, сомым зэрызигъэбыдам къыхэкIыу, хамэ къэралхэм зыщыбгъэпсэхуну нэхъ пуд хъуащ. Псом хуэмыдэу, путевкэхэм я уасэхэм щыкIэрыхуащ Китайм, Азием и ИпщэКъуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ. Абыхэм нэмыщI, ди республикэм и санаторэхэм я путевкэхэри нэхъ пудщ иджыпсту, щIымахуэ турист лъэхъэнэр IуащхьэмахуэлъапэзэрыщызэхуащIыжам кърикIуауэ.

Инфляцэри, илъэс пIалэм тещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэтеувыIащ икIи проценти 4,7-рэ хъуащ. УФ-м ику иту щыщыIэ бжыгъэхэм нэхърэ ар нэхъ цIыкIущ. УФ-м и Банк нэхъыщхьэм и плъапIэр - илъэсым и кIэм проценти 4-м деж ар къыщызэтригъэувыIэнырщ.

**ЩЭУЕЙ Былэ.**

# Зи чэзу къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ


ІУАЩХЬЭМАХУЭ
ISSN 0206 – 5266
МАРТ • 2026 • АПРЕЛЬ
2

**Адыгэ лъэпкъым и литературэ, жылагъуэ гъащIэхэм дыхэзыгъаплъэ, адыгэбзэ къабзэкIэ дэтхэнэ унагъуэми «щыпсэлъэну» зыхузэфIэкI «Iуащхьэмахуэ» журналым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр иджыблагъэ дунейм къытехьащ. Шэч къытетхьэркъым щхьэж фIэгъэщIэгъуэнын тхыгъэ мыбы къызэрыщагъуэтынум.**

АБЫ и япэ напэкIуэцIхэм итщ Урысеймрэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр (2026) гуфIэгъуэ щытыкIэм иту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщызэIуахам теухуа, «Зэкъуэшыныгъэм и джэлэс» зи фIэщыгъэ тхыгъэр. Къарей Элинэ и сурэт дахэхэм нэхъри наIуэу уи нэгу къыщIагъэхьэ пшыхьыр екIуу, щIэщыгъуэу, цIыхухэр дихьэхыу зэрекIуэкIар. Абы къыкIэлъокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым теухуа тхыгъэ купщIафIэхэр. А IуэхущIапIэр мы гъэм илъэси 100 ирикъуащ. А тхыгъэхэм дыщагъэгъуазэ институтым и тхыдэм, щылэжьахэм, иджыпсту къулыкъу щызыщIэхэм, и IуэхущIафIэр зыхуэунэтIа унэтIыныгъэхэм, институтым и дамыгъэ телъу дуней къытехьа тхылъхэм, нэгъуэщIхэми. А псор Iуэхум ехьэлIа, зэIущIэхэм щытраха сурэтхэмкIэ щIэгъэбыдащ.

«ЖьантIэ» рубрикэм щIэтщ щIэныгъэлI, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и ректору щыта Бэрбэч ХьэтIутIэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъуам теухуахэр. «ЦIыху дахэт, бэм фIыуэ ялъагъурт» тхыгъэр и IэдакъэщIэкIщ ди республикэм щIыхь зиIэ и журналист Бэрбэч Борис. Абы къыкIэлъокIуэ ХьэтIутIэ хужаIахэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Жыласэ Маритэ зэхуихьэсауэ.

«Гугъуехьхэм япсыхьа насып» зыфIэсща тхыгъэр теухуащ зи ныбжьыр илъэс 70 хъуа журналист Бэрбэч Борис. Узэпсэлъэну гухэхъуэ, жызыIэн зи куэд, Iэджэм хэзыщIыкI IэщIагъэлIщ мы зыгъуэгукIэ сызытетхыхьыну къысхуихуа Борис. Си гуапэщ и IэщIагъэм дяпэкIи ехъулIэныгъэ щиIэну.

ЩIэджыкIакIуэхэм нэхъыфIу ялъагъу «Прозэ» плIанэпэм итщ Къаныкъуэ Заринэ и «Нартархэр» романым щыщ пычыгъуэхэр, Къанкъул Раисэ и «ГъащIэр гъуджэщ», «Ахьмэд» рассказхэр.

Зи усыгъэкIэ журналым и къыдэкIыгъуэр зыгъэбеяр «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэщ. «Лъэпкъыр щIэныгъэм хуэзыунэтIа узэщIакIуэ Цагъуэ Нурий» тхыгъэр Фырэ Анфисэ и публицистикэ IэдакъэщIэкIщ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ яхухэха рубрикэм щIэтщ Багъэтыр Луизэ и тхыгъитI: зыр «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым («Кабардинка»-м дунейр зэлъегъэIэс»), адрейр а гупым хэта, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, гъэсакIуэ Битокъу Беслъэн теухуащ. КъыкIэлъокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд и интервьюр. Епсэлъар сэращи, шэч къытезмыхьэу схужыIэнущ икъукIэ зэрыпсэлъэгъу гъэщIэгъуэныр, узригъэдэIуэфу зэрыбзафIэр. Куэдым йогупсыс, куэд зэрегъэзахуэ, дэтхэнэми езым и еплъыкIэ хуиIэжщи, ехъулIэну, хущIыхьэну сыхуейщ.

Журналым и иужьрей напэкIуэцIхэм щIэх-щIэхыурэ къыщыдохь Хьэкъун Барэсбий зэхуихьэса адыгэ къэкIыгъэцIэхэр, абыхэм я теплъэр, къыщыкI щIыпIэр, хущхъуэгъуэу япылъыр, нэгъуэщIхэри къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ кIэщI я гъусэу. КъыдэкIыгъуэр зэхуещIыж псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

# Дзэлыкъуэдэсхэр хуэхьэзырщ

**Дзэлыкъуэ щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм гъатхасэм мы гъэм хухаха гектар 22207-м щыщу нобэкIэ гектар 5990-м жылэхэр трасащ икIи, къэбгъэлъагъуэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхузэфIэкIам нэхърэ хуэди 2,7-кIэ нэхъыбэщ. Ар псори зи фIыгъэр дунейм и щытыкIэмрэ мэкъумэшыщIэхэр губгъуэ лэжьыгъэхэм хуэхьэзыру гъэм зэрытехьамрэщ.**

НОБЭКIЭ гектар 2925-м нартыху жылапхъэр, гектар 1373-м сэхураныр, гектар 1019-м хьэр тращIащ. Апхуэдэуи, тритикалер гектар 393-м, гуэдзыр гектари 100-м, Iэщым ирагъэшхыну къэкIыгъэ щхъуантIэр гектар 50-м, кIэртIофыр гектар 30-м щыхасащ. ЩIы нэхъ мащIэ зэкIэ зыхухахар зэнтхъырщ - гектари 10.

Гъатхасэ лэжьыгъэхэр никъуэсаныгъэншэу ирагъэкIуэкIын хуэдэу районым и мэкъумэшыщIэхэр жылапхъэхэмкIи, гъэсыныпхъэхэмкIи, нэгъуэщI зыхуей-зыхуэфIхэмкIи нэсу къызэгъэпэщащ икIи зыхуагъэувыжа пIалъэм тету ахэр зэфIагъэкIын гугъэхэр щыIэщ.

**ЧЭМОКЪУЭ Болэ.**

● Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым





# Адыгэ газетхэмрэ журналхэмрэ Москва щагъэлъагъуэ

**Щэбэт кIуам Москва къалэ щекIуэкIащ «Адыгэ щэнхабзэм и махуэ» зыфIаща зэхыхьэ иныр. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ехьэлIа Iуэхум хыхьэу Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтым «стIол хъурей» щекIуэкIащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэным, адыгэ газетхэмрэ журналхэмрэ яIэ мыхьэнэмрэ иджырей зэманым къызэрыдекIуэкIымрэ ятеухуауэ.**

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМРЭ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ центру Москва щыIэм къызэригъэпэща мы Iуэхум кърихьэлIат щIэныгъэм, щэнхабзэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр. Псом хуэмыдэу зэIущIэр хухэхауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэмрэ «Нур» (КъБР), «Лэгъупыкъу» (КъШР), «Вагъуэ бын» (АР) сабий журналхэмрэ.

Лъэпкъ газетхэмрэ журналхэмрэ я Iуэху зыIутыр иджы япэу утыку къыщрахьэу аращ ди къэралым и къалащхьэм. А зэхыхьэм кърихьэлIащ Москва дэс адыгэхэм я нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Агъырбэ Юрэ**, Советым хэт, психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Къэбардэ Мухьэмэд**, Адыгэ Республикэм къыбгъэдэкIыу УФ-м и Президентым деж лIыкIуэу щыIэ **Мыгу Бислъэн**, Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтым и унафэщIым и къуэдзэ **Сафаралиевэ Дилярэ**, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «МТС-Банк»-м и вице-президент **Жэман Ахьмэд**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Жыласэ Заурбэч**, газетым и лэжьакIуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм къуэдзэ **НэщIэпыджэ Замирэ**, «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Абидокъуэ Люсанэ**, **МэшлIокъуэ Саидэ**, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Аброкъуэ Беллэ**, АР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **ТIэш Светланэ**, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ Шэрджэс драмэ театрым и унафэщI, «Кавказфильм» киностудием и тхьэмадэ **ЕмкIуж Андзор**, «Анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ центр» АНО-м и къызэгъэпэщакIуэ **Сэхъу Мурат**, центрым и унафэщI **Гъуэзджэш Амир**, абы и дэIэпыкъуэгъу **Ащнокъуэ Джульетэ** сымэ. Апхуэдэуи зэIущIэм кърихьэлIащ ди республикэхэм икIауэ Москва щеджэ, щылажьэ, щыпсэу, адыгэбзэм, адыгэ хабзэм гууз-лыуз хузиIэ ди лъэпкъэгъухэр.

ЗэIущIэр къызэIуихри, къызэхуэсахэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ Ащнокъуэ Джульетэ. Абы жиIащ адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ нобэрей зэманым иIэ хъуа щытыкIэм Москва дэсхэри зэригъэпIейтейр, абы епха гугъуехьхэр тIуащIэу зэрызыхащIэр; къыдэкIуэтей щIэблэм бзэр яIурылъынымкIэ хэкIыпIэу щыIэхэм, бзэр лъэпкъым фIэмыкIуэдынымкIэ мыхьэнэшхуэ зыгъэзащIэ адыгэ газетхэмрэ журналхэмрэ нобэ я Iуэху зыIутым, зи хэку цIыкIум пэIэщIэу псэу ди лъэпкъэгъухэм газет, журнал яIэрыхьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм, литературэбзэ къабзэкIэ дунейм къытехьэ къыдэкIыгъуэхэм нэхъыбэм Iэ щIадзу, я мыхьэнэр нэхъ лъагэу щытынымкIэ щIэн хуейхэм тепсэлъыхьыну зэрызэхуэсар.

Псом япэу псалъэ зрата нэхъыжьыфI Агъырбэ Юрэ жиIащ къалащхьэм щекIуэкI зэхыхьэр ди лъэпкъым и къежьапIэм хуэтщI пщIэм, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр щIэблэм я деж нэхьэсыным дызэрыхущIэкъум щыхьэт зэрытехъуэр. «Урысейм и адрей лъэпкъ мащIэхэми хуэдэу, дэ, адыгэхэм, абазэхэм, къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжыр ди бзэр тхъумэнырщ, ар лIакъуэкIэрэ зэIэпытхынырщ. Лъэпкъым къыгуроIуэ бзэр фIэкIуэдмэ, щэнхабзэми, тхыдэми, зэхэщIыкIми пэIэщIэ зэрыхъунур. Мыпхуэдэ зэIущIэхэм Iэмал къыдат а гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэр къэдгъуэтыну, гъуэгу захуэм дытетынымкIэ дызэчэнджэщыну, ди акъыл зэхэтлъхьэну», - жиIащ Агъырбэм.

Тхьэмадэм къыхигъэщащ Урысейм и къалащхьэм адыгэу мин 50-м щIигъу зэрыдэсыр, къэфакIуэ ансамблу тIу къызэрыщызэрагъэпэщар («Шэрджэс», «Адыгэхэр»), уеблэмэ адыгэбзэ щрагъащIэ дерсхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр. Агъырбэм игу къеуэу жиIащ а къомыр щызэхыхьэн хэщIапIэ иджыри къэс зэрамыIэр, ди лъэпкъэгъухэр щызэхуэсу зы унэ къыдахынымкIэ мылъку зыбгъэдэлъхэр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъупхъэр.

Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтым и унафэщIым и къуэдзэ Сафаралиевэ Дилярэ къыхигъэщащ Адыгэ щэнхабзэм и махуэр къалащхьэм зэрыщекIуэкIым лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, зэпыщIэныгъэр зэригъэбыдэр, адыгэхэм ябгъэдэлъ беягъыр утыку къихьэнымкIэ сэбэп зэрыхъур.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъым къыдекIуэкI псэкупсэ къулеигъэр, хабзэмрэ бзэмрэ, щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хъума хъунымкIэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, къэхъу щIэблэм яIэщIэлъхьэныр зэи IэщIыб пщIы зэрымыхъунум, зэманым декIу хэкIыпIэхэр къэдгъэсэбэпурэ къытпэщылъ мурадхэр зыIэрыдгъэхьэн зэрыхуейм.

«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Жыласэ Заурбэч, МэшлIокъуэ Саидэ, Абидокъуэ Люсанэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэ сымэ и гугъу ящIащ редакцэхэм я лэжьыгъэхэм, газетхэр къызэрыдагъэкIымрэ зэрызэбграгъэкIымрэ. Апхуэдэу зэIущIэм видео теплъэгъуэхэр къагъэхьат «Лэгъупыкъу» (КъШР) журналым и редактор нэхъыщхьэ Аслъэныкъуэ Мадинэрэ «Вагъуэ бын» (АР) журналым и редактор нэхъыщхьэ Дзыбэ Нэзирэтрэ.

- Илъэсищэм щIигъуауэ къыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр дыхущIокъу ди адэжьхэм лIэщIыгъуэхэм къыпхаха адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, зэхэтыкIэр хъумэным, лъэпкъым, Хэкум, къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэр ди щIэджыкIакIуэхэм адыгэбзэ къабзэкIэ ябгъэдэлъхьэным, - жиIащ Жыласэ Заурбэч.

Абы и гугъу ищIащ «Адыгэ псалъэм» нобэ иIэ Iэмалхэм, зыхэт гугъуехьхэм, къуэш республикэхэм къыщыдэкI газетхэм зэрыдэлажьэм, къыдэкIыгъуэ зэгуэтхэр зэрагъэхьэзырым, журналистхэм я лэжьыгъэр къазэрехъулIэм, нэгъуэщIхэми.

Къэбгъэлъагъуэмэ, лъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетхэм я мыхьэнэри, къалэнри, лэжьыгъэри зыщ. Псом япэр, дауи, хъыбарыщIэхэр цIыхубэм и чэзум шэрыуэу ялъэгъэIэсынырщ, ауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ар адыгэбзэкIэ къызэраIуатэм. Абы къыхэкIыу, газетхэмрэ журналхэмрэ лъэпкъыбзэр щызыгъэIэ, зыхъумэ, зезыгъэужь Iэмэпсымэу къэплъытэ хъунущ. Нэхъ цIыкIу дыдэхэм бзэр ящIэнымкIэ, дихьэхынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI «Нур» журналым. А Iуэхур зэрызэкIэлъигъакIуэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ Аброкъуэ Беллэ. ИкIи удимыхьэхынкIэ Iэмал имыIэу къиIуэтащ, журнал къэс Iуэхугъуэ гуэрым хухэхауэ къызэрыдагъэкIыр, сабийхэм ягу дыхьэн папщIэ сурэтхэмрэ плъыфэхэмкIэ зэрагъэщIэращIэр, напэкIуэцI къызэрыгуэкIхэм нэмыщI, нэрылъагъу теплъэ гуэрхэр зэрыдагъэувэр.

Редакцэхэм я лэжьыгъэм журналист зэчиифIэхэм, лэжьакIуэ псэемыблэжхэм я гурэ я псэрэ зэрыхалъхьэр щыжаIащ утыкум. Абыхэм еджэр нэхъ мащIэ хъу зэпытми, лэжьыгъэр нэхъ купщIафIэ ящIу йокIуэкI. Абы къыхэкIыу Iэ щIэзыдзхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэн зэрыхуейм и гугъу щащIым, Адыгэ Республикэм къыбгъэдэкIыу УФ-м и Президентым деж лIыкIуэу щыIэ Мыгу Бислъэн «Адыгэ макъым» и экземпляришэ хуэдиз Москва ирагъашэу зэрызэтриублэнур жиIащ, абы еджэнущ Адыгейм и лIыкIуэ унэу къалащхьэм дэтым къекIуалIэхэмрэ и хьэщIэхэмрэ.

Журналистикэ IэнатIэм щIалэгъуалэр дегъэхьэхыным, ахэр газетхэмрэ телевиденэмрэ щылэжьэну тегъэгушхуэным и гугъу ящIащ КъБР-м, АР-м я Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIхэу Жыласэ Заурбэчрэ ТIэш Светланэрэ. НэщIэпыджэ Замирэ жиIащ дызыхэпсэукI 21-нэ лIэщIыгъуэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIалэгъуалэм яфIэгъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу щытын папщIэ зэманым декIуу зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэн зэрыхуейр. «Адыгэ газет зэрыщыIэр щIалэгъуалэм ящIэн, литературэбзэ къабзэ хуей хъумэ, къызэIуахыну напэкIуэцIыр яцIыхун папщIэ дызэлэжьын хуейр бжыгъэхэр зи лъабжьэ къыдэкIыгъуэхэрщ. Зи щIалэгъуэхэм «тренд» жыхуаIэм дылъэщIыхьэн хуейщ. АбыкIэ хэкIыпIэфIщ телеграм, макс каналхэр, сайтхэр, электрон къыдэкIыгъуэхэр», - жиIащ журналистым.

Режиссер цIэрыIуэ ЕмкIуж Андзор зи гугъу ищIар езыр зыпэрыт IэнатIэрщ - театрырщ. «Лъэпкъ театрыр теплъэгъуэ гуэрхэр щекIуэкI, цIыхум зыщигъэпсэху утыку къудейкъым. АтIэ ар анэдэлъхубзэ къабзэ, гъэхуа, шэрыуэ къыщыIу, ди адэжьхэм я шыфэлIыфэр щIалэгъуалэм щызэрагъэцIыху щIыпIэщ, щэнхабзэм псэ къыщыIубгъэкIэф унэщ. Нобэ ар бзэр щытхъумэфын, щэнхабзэм зыщедгъэужьыфын, ди беягъымрэ хъугъуэфIыгъуэмрэ цIыхубэм я пащхьэ щитлъхьэфын утыкущ. Сыхуейт ар театрым щылажьэхэми, къекIуалIэхэми зыщамыгъэгъупщэну», - жиIащ ЕмкIужым.

Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтым гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщат. Абы щегъэувэкIа Iэнэхэм телът «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я къыдэкIыгъуэхэр, «Нур», «Лэгъупыкъу», «Вагъуэ бын» журналхэр, адыгэбзэкIэ къыдэкIа тхылъхэр, адыгэхэм ятеухуахэр. Лъэпкъ шхыныгъуэхэр лъэныкъуитIымкIэ щыт абджыпс дапхъэхэм тегъэуват.

Iуэхур зэхэзыша Анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ центрым къызэIуихыну игъэхьэзыр библиотекэм папщIэ адыгэ редакцэхэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къабгъэдэкI тхылъи 100-м щIигъу хуашащ.

Махуэм и етIуанэ Iыхьэр зейр щIалэгъуалэрат. Адыгейм и студентхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «Адыгэ джэгукIэхэр» пшыхьым цIыху 800-м щIигъу кърихьэлIащ. Ахэр Кавказ Ищхъэрэм икIауэ Москва щеджэ, щылажьэ адыгэ ныбжьыщIэхэрт. ЗэIущIэм и пэщIэдзэм къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ республикищым я лIыкIуэхэу Жыласэ Заурбэч, ТIэш Светанэ, Абидокъуэ Люсанэ сымэ. Пэшышхуэм и дэтхэнэ плIанэпэри, утыку цIыкIури Iуэхугъуэ гуэрым хухэхат. КIэнджэгу зыщI щIалэхэр лъэныкъуэкIэ къыщытт, пщащэхэм дыщэидэм зыхуагъасэрт, хэти къызыхэкIа лIакъуэм и дамыгъэр абы хухэха щIыпIэм тригъэувэрт, хэти сурэт ищIырт, хэти адыгэ къуажэхьхэр къищIэрт, адрейм арджэн ищIырт. СфIэгъэщIэгъуэн хъуащ ди республикэм щыщ Мамхэгъ Алим адыгэ джэгукIэм хухэха гуэдзэну къигупсысар. Пшыхьыр сыхьэт зыбжанэкIэ екIуэкIа нэужь, адыгэ джэгушхуэкIэ иухащ, уджи къызэдащIыжри, зэбгрыкIыжащ лъэпкъ зэхыхьэм я гур къиIэтауэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**КЪЭБАРТ Мирэ** *ейщ.*
*Налшык - Москва - Налшык.*







# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 1

### Первый

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ПОТЕРЯННАЯ ЖИЗНЬ» (16+)
00.10 «Время героев» (16+)
01.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

04.35, 08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВРАГИ» (16+)
22.10 Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
00.40 «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
01.10 Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)

### Звезда

05.15 Х/ф «ПО ДАННЫМ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА...» (16+)
06.30 Х/ф «ВЫЙТИ ЗАМУЖ ЗА КАПИТАНА» (16+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 «Народный ВПК». Д/с (12+)
11.25, 13.25, 23.15 Х/ф «ПЕТРОВКА, 38» (16+)
13.45, 15.05, 17.15 Т/с «КОМИССАРША» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.40 «Специальный репортаж» (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
01.05 Х/ф «ЮНГА СЕВЕРНОГО ФЛОТА» (16+)
02.30 Х/ф «СВЕТЛЫЙ ПУТЬ» (16+)
04.05 «Москва фронту». Д/с (16+)
04.25 Т/с «КОМИССАРША» (16+)

### Россия К

06.30 Диалоги о животных
07.15 Легенды мирового кино
07.40 Черные дыры. Белые пятна
08.25 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.50, 22.30 Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 00.50 «ХХ век»
11.45 Д/ф «Цирк». Я хотела быть счастливой в СССР!»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Д/ф «Конферансье»
13.45 Х/ф «ДУБРОВСКИЙ» (16+)
15.00, 02.30 Д/ф «Роман в камне»
15.30 Агора
16.30 Д/с «Передвижники»
17.15, 01.15 Мастера фортепианного искусства
18.15 Рассказы из русской истории
19.45 Главная роль
20.05 Д/с «Александр Пушкин. Ближний круг»
20.45 Спокойной ночи, малыши!
21.00 Д/с «Свидетели времени»
21.45 Сати. Нескучная классика...
23.40 Новости. Подробно. АРТ
00.00 Д/с «В поисках истины»

### Матч!

06.00 «Команда мечты» (12+)
06.30 «Чемпионы на все времена» (12+)
07.00, 09.00, 12.55, 15.30 Новости
07.05, 11.30, 21.15 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «По домам» (12+)
09.25 Футбол. Россия - Камерун. Чемпионат мира-1994 (6+)
12.35 «Специальный репортаж» (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 Человек из футбола (12+)
14.55 «Команда мечты» (12+)
15.35 Громко. Прямая трансляция
17.15 Футбол. Россия - Саудовская Аравия. Чемпионат мира-2018 (6+)
19.25 Гандбол. ЦСКА - «Зенит» (Санкт-Петербург). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. Финал. Прямая трансляция
22.20 Футбол. Россия - Египет. Чемпионат мира-2018 (6+)
00.30 Самбо. Кубок Президента РФ. Трансляция из Москвы (12+)
01.30 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
02.00 Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Марокко (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Регби. «Стрела-Ак Барс» (Казань) - «Динамо» (Москва). Чемпионат России (12+)

## Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 2

### Первый

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ПОТЕРЯННАЯ ЖИЗНЬ» (16+)
00.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

04.35, 08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВРАГИ» (16+)
22.10 Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
00.40 «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
01.20 Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)

### Звезда

06.10 Т/с «КОМИССАРША» (16+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 «По горячим следам» (16+)
11.25, 13.25 Х/ф «ОГАРЕВА, 6» (16+)
13.45, 15.05, 17.15 Т/с «КОМИССАРША» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.40 «Специальный репортаж» (16+)
19.55 «По горячим следам»
20.10 «Улика из прошлого». «Ремонт на ходу и по ходу боя. Загадка атакующих танков» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ОГАРЕВА, 6» (16+)
01.05 Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)
02.40 Х/ф «ДЕВУШКА С ХАРАКТЕРОМ» (16+)
04.05 «Москва фронту». Д/с
04.25 Т/с «КОМИССАРША»

### Россия К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Легенды мирового кино
07.45, 18.35, 23.55 Д/с «В поисках истины»
08.50, 22.30 Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 00.45 «ХХ век»
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00, 20.05 Д/с «Александр Пушкин. Ближний круг»
13.40 «Повести Белкина. Выстрел». Телеспектакль
15.00 Д/с «Хранители жизни»
15.45 Сати. Нескучная классика...
16.30 Эрмитаж
17.15, 01.50 Мастера фортепианного искусства
19.45 Главная роль
20.45 Спокойной ночи, малыши!
21.00 Искусственный отбор
21.45 Белая студия
23.40 Новости. Подробно. Книги

### Матч!

06.00 «Команда мечты» (12+)
06.30 «Чемпионы на все времена» (12+)
07.00, 09.00, 12.55, 15.30 Новости
07.05, 11.30, 15.35, 21.30 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05, 12.35 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 Футбол. Португалия - Испания. Чемпионат мира-2018 (6+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 География спорта (12+)
14.55 «Команда мечты» (12+)
16.50 Футбол. Англия - Франция. Чемпионат мира-2022. 1/4 финала (6+)
19.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция
22.30 Футбол. Россия - Тунис. Чемпионат мира-2002
00.30 Бильярд. Кубок мэра Москвы (6+)
02.00 Триатлон. Мировая серия. Женщины. Трансляция из Италии (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Регби. «ВВА-Подмосковье» (Монино) - «Локомотив-Пенза». Чемпионат России (12+)

## Бэрэжьей, мэкъуауэгъуэм и 3

### Первый

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское»
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ПОТЕРЯННАЯ ЖИЗНЬ» (16+)
00.00 «Шоу Вована и Лексуса»
01.05, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ

### Россия 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ»
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

04.40, 08.25, 10.35 Т/с «ПЕС»
06.30 «Утро. Самое лучшее»
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВРАГИ» (16+)
22.10 Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
00.40 «Мы и наука. Наука и мы»
01.45 Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ»

### Звезда

06.10 Т/с «КОМИССАРША»
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ПОКРОВСКИЕ ВОРОТА» (16+)
12.25, 13.25, 15.05 Т/с «КРИК СОВЫ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.25, 17.15 Т/с «КРИК СОВЫ»
19.00 Новости дня (16+)
19.40 «Специальный репортаж» (16+)
19.55 «По горячим следам»
20.10 «Секретные материалы». Д/с (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «СЫН ЗА ОТЦА...»
01.00 Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
02.25 Х/ф «ДВА БОЙЦА» (16+)

### Россия К

06.30 Д/ф «Великорецкий крестный ход. Обыкновенное чудо»
07.20 Легенды мирового кино
07.45, 18.35, 23.55 Д/с «В поисках истины»
08.40 Х/ф «ТРИ НЕНАСТНЫХ ДНЯ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Тхыдэм и лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Тхыдэм и лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00 - 24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 2**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, мэкъуауэгъуэм и 3**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (урысыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, мэкъуауэгъуэм и 4**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.40** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Тхыдэм и лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Усыгъэм и толъкъун» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыдекIуэкI хабзэфIхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэр» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Тхыдэм и лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыдекIуэкI хабзэфIхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэр» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (урысыбзэкIэ)
**23.30 - 24.00** «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 5**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):*
*7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):*
*7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*
*7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 6**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**3.44** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 7**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ я кIыщ

● Щэнхабзэ




**Налшык къалэм МузыкэмкIэ и сабий школ №1-р, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэр, къызэрызэIуахрэ мы гъэм илъэс 90 ирокъу. А гуфIэгъуэ Iуэхум теухуауэ щытащ иджыблагъэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щекIуэкIа пшыхь дахэр, «90 лет. Традиции. Талант. Вдохновение.» зыфIащар. Абы зыкъэрагъэхьэлIат гъуазджэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, школми институтми я егъэджакIуэхэм, я гъэсэнхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуахащ школым и блэкIамрэ и нобэмрэ теухуа документальнэ фильмкIэ. Абы убзыхуауэ я гугъу щыщIат еджапIэм и унафэщIу щытахэм, я гъэсэнхэм ящыщу зи цIэр жыжьэ щыIуахэм, иджыпсту щеджэу фIыкIэ узыщызыгъэгугъхэм, нэгъуэщI куэдми. Лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэфIэкI зиIэ сабийхэр зыхуэIэижьым кууэ хуэгъэсэныр зи пщэрылъ нэхъыщхьэ еджапIэм и тхыдэм щыщ гуэрхэр фигу къэдгъэкIыжынщ.

Школым и тхыдэр къыщожьэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуа унафэр КъБАССР-м и Правительствэм къыщищта 1936 гъэм. Абы щыгъуэм Пионерхэм я унэм и деж, республикэм щыяпэу, къыщызэIуахащ сабий музыкэ школ, фортепьянэ, скрипкэ, виолончель макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэу сабий 50 щагъасэу. Макъамэ гъуазджэм дихьэххэр, абы хуеджэну хуейхэр куэд хъурт, аращ, куэд мыщIэу, Вольнэ аулрэ Кэнжэрэ школым и къудамэ къыщIыщызэIуахар. 1953 гъэм школым къегъэщIылIауэ интернат ящIащ, къэралым и мылъкукIэ абы щеджэнут республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщ сабий зэчиифIэхэр. Апхуэдэу къыхашахэм я нэхъыбэм музыкэмкIэ IэщIагъэлI нэс къахэкIащ. Шэч хэмылъу, ар я фIыщIэт школым и егъэджакIуэ Iэзэхэм.

Школым сабийм и закъуэу щыдэлажьэм къищынэмыщIауэ, гупым зэрыхэтынуми щыхуагъасэ. Аращ абы хоритI (нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ), цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэм я оркестр, гитаристхэм, гупым хэту уэрэд жызыIэхэм я ансамблхэр щIаIэр. Абыхэм я гъэсэнхэр щытокIуэ республикэ, лъэпкъ куэд зыхэт зэхьэзэхуэхэм. Музыкант ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр. Зи зэфIэкIкIэ къыхэжанык1хэм илъэс къэс къурат щэнхабзэ жэрдэмхэм мылъку хухэзых, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ лъэпкъыбэ фондым и стипендие. Дауи, абы ныбжьыщIэхэр Iуэхум трегъэгушхуэ, нэхъыбэж зрагъэхъулIэну гукъыдэж къарет.

Иджыпсту еджапIэм щолажьэ школым и пщIэр зыIэт, и IэнатIэм хуэфащэу илъэс куэд щIауэ пэрыт егъэджакIуэ лъэщхэр. Абыхэм ящыщу тхум «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIыхьыцIэр зэрахьэ, хым Правительствэм, тIум – Парламентым я ЩIыхь тхылъ къратащ. Езы школыр ягъэлъэпIауэ щытащ Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и щIыхь тхылъкIэ. И лъагапIэхэм ящыщщ Совет Союзым и цIыхубэ артист, дуней псом щыцIэрыIуэ дирижёр Темыркъан Юрэ и цIэр еджапIэм къызэрыфIащар, «ГъуазджэхэмкIэ сабий школ нэхъыфIу 50» зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуар.

Школыр зэрылажьэ илъэс пщIы бжыгъэхэм абы къыщIэкIащ зи гъащIэр гъуазджэм щхьэузыхь хуэзыщIа цIыху мин бжыгъэхэр. Дунейпсо щэнхабзэм, псэкупсэ гъэсэныгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, дахагъэм щIапIыкIа щIэблэм куэд хуэзэфIэкIынущ. Абы быдэу уи фIэщ ещI блэкIа дахэ зиIэ, нобэрей гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ къыхэщ школым къэкIуэну телъыджэ къызэрыпэплъэр.

Пшыхьым и япэ дакъикъэм къыщыщIэдзауэ дуней дахащэм дыхашащ абы хэт ныбжьыщIэхэм. Дэтхэнэр къыхэзгъэщын жыпIэу апхуэдэт езым къыхиха макъамэ Iэмэпсымэм еуэ дэтхэнэ зыри, гъуазджэм и дуней дахащэм уи Iэпэр яубыду ухашэми ярейт. Апхуэдэу пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэм я оркестрым хэтхэм (Минцев В. и «Просторы России»), Ремизов Алим (Гершвин Дж. и «Порги и Бесс» оперэм хэт Кларэ и гущэкъу уэрэдыр), Качанов Денис (мэздэгу адыгэхэм я къафэ), Бжьыней Эмилие, КъБР-м и цIыхубэ артист Растеряев Игорь, республикэм щIыхь зиIэ и артистхэу Жилач Светланэрэ Къущхьэ Светланэрэ (арфэмрэ шыкIэ зытелъ Iэмэпсымэхэмрэ папщIэ Гайдн И. итха «Концертино»-р), Блий Элинэ (Чайковский П. и «Подснежник»), Ахмедовэ Таисэ (Видофт Р. и «Мазанетта»), Хьэтыхъу Лаурэ, Пщыгъуэш Таминэ, Ахмедовэ Таисэ, Новодворская Даниэллэ (Хачатурян А. и «Гаяне» балетым щыщ Iыхьэ), Мэсей Iэдэм (Рахманинов С. и «Прилюдие №5»-м и 23-нэ Iыхьэр) сымэ, гитарэ (Копенков О. и «Карнавал»-р, Козлов В. и «Кубинский танец»-р), пшынэ («Лъапэрисэ») еуэ гупхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и артистхэм, нэгъуэщIхэми.

Музыкэ школым и «Элегия» хорымрэ (хормейстерыр Гридасовэ Иринэщ) Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и хорымрэ (унафэщIыр Гридасов Геннадийщ) зэгъусэу ягъэзэщIащ «Набукко» оперэм щыщ Iыхьэ. Ари еджапIэм и хорым щхьэхуэу игъэзэщIа лэжьыгъэри гунэс ящыхъуащ пшыхьым щIэсахэм.

Школым и пщIэр зыIэт и гъэсэнхэу ШкIэжь Беслъэн (Музыкэм и урысей академие Гнесинхэ я цIэр зезыхьэм и етIуанэ курсым и студентщ), ЩоджэнцIыкIу Iэсхьэд (Санкт-Петербург консерваторием и 3-нэ курсым щIэсщ), Куэцэ Идар сымэ зэрызыкърагъэхьэлIар гуапэт, я макъамэ телъыджэм цIыхухэм я гукъыдэжыр нэхъри къиIэтащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ пщыхьэщхьэр зыхуей хуэзэу, егупсысауэ, дахэу школым и унафэщI Поплавская Светланэрэ и егъэджакIуэхэмрэ къызэрызэрагъэпэщар. Маэстрэ Темыркъаным и сурэтышхуэ къызытещ IуплъапIэм уегъэгушхуэ, уегъэин, хабзэм, зэчийм, гукъыдэжым укъыхураджэ. Макъамэу пщыхьэщхьэм щыIур зытеухуар уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ, абы ухэзыгъэгупсысыхь сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр, щхъуэкIэплъыкIэхэр экраным къытредзэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, кубэ къафэр щызэхэтхкIэ, удз гъэгъа Iэрамэшхуэхэр къат куэду зэтет унэхэм дэгъэжеяуэ долъагъу. Ажэгъуэмэм теухуам ди нэгу щIегъэкI а удз лIэужьыгъуэ дахэр, классикэ макъамэ лъагэм дыхашэ вагъуэ зэщIэпщIыпщIэхэм...

Концертым къыщеджащ Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, щэнхабзэ жэрдэмхэм мылъку хухэзых, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ лъэпкъыбэ фондым, Санкт-Петербург Темыркъан Юрэ и цIэр зэрихьэу дэт гъуазджэхэмкIэ сабий школым къабгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэхэм. Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, искусствоведениемкIэ доктор, профессор, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и ректор Рахаев Анатолэ. Абы къыхигъэщащ школым гъуэгуанэшхуэ къызэрызэпичар, абы гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIыр, къыщIэкIхэр институтым и студент зэрыхъур, пшыхьым пщIэрэ щхьэрэ зиIэ, езыр зыфIэлIыкI цIыхухэр къызэрырихьэлIам зэрыригушхуэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу я псалъэ пщыхьэщхьэм щыжаIащ композитор, усакIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редатор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ранетэ, ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ, Налшык къалэ администрацэм и къудамэм и унафэщI Кузнецовэ Ларисэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я урысейпсо профсоюзым и лэжьакIуэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мокаевэ Алинэ сымэ. Хъуэхъум къыдэкIуэу, абыхэм я цIэ къраIуащ, зи лIыкIуэ IуэхущIапIэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иратащ школым и егъэджакIуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм Темыркъанхэ Юрэ, Борис, Пётр, Жырыкъ Заур, ЗэшэкIуу ТIэхьир, Рахаев Анатолэ, Гридасов Геннадий сымэ, нэгъуэщI цIыхушхуэхэм хуэдэхэри къыдэзыта школ цIэрыIуэр дяпэкIи ехъулIэну, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуну еджакIуэхэмкIэ къулеину, егъэджакIуэхэр зыхущIэкъу дахагъэр щызу я гъэсэнхэм халъхьэфыну!

**ИСТЭПАН Залинэ.**








● ЖыІэгъуэхэр

# Напэ зимыІэм и жейр Іувщ

- ♦Уэгум итыну къигъэщІар гъуэм исыфынукъым.
- ♦Зи пІалъэ зымыщІэжыр емыкІу щыщІэркъым.
- ♦ЦІыхум я цІыхугъэм хэхъуэху, я насыпри кІуэтэнущ.
- ♦ГъащІэм дэмыхъуж хабзэр и чэзум хъуэжын хуейщ.
- ♦Жьы хъуа цІыхум хуумыщІа пщІэр уи жьы хъугъуэм бгъуэтыжыну ущымыгугъ.
- ♦Къарууншэм сытокІуэ жыпІэу, лей иумых - къыпщІэкІуэнкъым.
- ♦Къыумылэжьа пщІэм жыжьэ унихьэсынукъым.
- ♦ЛІыгъэ зимыгъусэ цІыхугъэм и зэфІэгъэкІыр мащІэщ.
- ♦Мылъкум беягъэм хегъахъуэри, насыпым хэзыгъахъуэр цІыхугъэрщ.
- ♦Напэ зимыІэм и жейр Іувщ.
- ♦ФІы зылэжьыр гуфІэгъуэ щыщІэркъым.
- ♦НэгъуэщІ пхузэфІэмыкІми, псалъэ гуапэкІэ цІыхум хуэупсэ.
- ♦Нэхъыжьым пщІэ хуумыщІауэ, нэхъыщІэм я пщІэ ущымыгугъ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

# ПыІэзэфІэхь

### *Іуэтэж*

Пшапэ зэхэуэгъуэщ. Автобус къэувыІэпІэм епІэщІэкІыу хуокІуэ зы хъыджэбз. И щІыбагъымкІэ лъэмакъ къыщызэхех. КъызэплъэкІмэ – щІалэ гуэрым къыкІэлъеху, илъэдакъэщыкІыу. «Мыбы си пыІэр сщхьэричыну аращ!» - игу къокІ хъыджэбзым щІыІэ-щІыІэу... Зречри, щІопхъуэ. Здэжэм, щІоцІэнтхъукІри, мэджалэ, зытегужьеикІа и пыІэри щхьэроху.

ЩІалэр кІэлъосри, хъыджэбз джэлам дэІэпыкъуу къигъэтэджыжыну мэІэбэ. Езы хъыджэбзыр и щхьэм допхъуей - щхьэрыгъыжкъым пыІэр! ЩІалэм къипхъуэтауэ аращ! Мапхъуэри, щІалэ бэлэрыгъам и пыІэр къыщхьэреч, асыхьэтым къэувыІа автобусым зредзэ. Бжэр зэІуоуэжри, йожьэж автобусыр. ЩІалэр къонэ.

Зыкъомрэ кІуауэ, автобусым зизыдзэжа хъыджэбзым и пщэм щабэу зыгуэр къыщызэхещІэ. ДэІэбеймэ, пщампІэ Іэтам къыкІэриІыгъэу и пыІэр и пщэдыкъым дэлът, и щхьэц бацэм хэлъу. Іэ лъэныкъуэмкІэ быдэу къузауэ иІыгът щІалэм и пыІэр.

ТАУ Нинэ.





● Шхыныгъуэ

# Балыджэ зэхэупщІэта, бжьыныху хэлъу

Балыджэ къагъэхьэзырар яупщІатэ пІащІэ хъурей цІыкІуу е ІупщІэурэ. Бжьыныху укъэбзам шыгъу халъхьэри яуб. Бжьын цІынэ тхьэщІар хъурей цІыкІуурэ зэпагъэлъэлъ. А псори зы хьэкъущыкъу ла куум иралъхьэ, шыбжий фІыцІэ хьэжа хаудэ. Шатэ хакІэри, зэІащІэж. Тепщэч цІыкІукІэ Іэнэм трагъэувэ. КІэртІоф гъэва, кІэртІоф пІастэ, щІакхъуэ, лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр** (цІыхуитІ Іыхьэ)*: балыджэу - г 200, бжьыныху укъэбзауэ - г 15, шатэу - г 100, бжьын цІынэу - г 40, шыгъуу, шыбжий фІыцІэу - узыхуейм хуэдиз.

● Фэ фщІэрэ?

### Уасэ

Фыз къэшэным ехьэлІауэ адыгэхэм я лъэпкъ хабзэу къокІуэкІ. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм фыз къыщашэкІэ цІыхубзым уасэ щІату щытащ. Пщырэ пщылІрэ щыщыІа зэманым пщы, уэркъ, мэкъумэшыщІэ хъыджэбзхэм щІат уасэхэр зэхуэдэтэкъым. Пщы-уэркъхэм я пхъум уасэ нэхъыбэ щІатырт, мэкъумэшыщІэхэм нэхъ мащІэ.

ПщылІыгъэр яІэтыжа нэужь, уасэу яту щытар благъагъэкІэ зэувэлІа лъэпкъитІыр зэрызэгурыІуэрт. XIX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэмрэ XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэмрэ уасэу нэхъ яту щытар Іэщт: витІ, жэмитІ, зыш хуэдиз. Ди зэманым уасэр щыкІуэдыжащ Дзэлыкъуэ районым, адрей щІыналъэхэм иджыри щызекІуэу урохьэлІэ, ауэ иджы уасэу ятыр ахъшэщ. Абы и инагъыр зэлъытар лъэпкъхэр зэрызэгурыІуэрщ.

### УасэІых къафэ

Нысашэм иращІэкІ хабзэщ. НысащІэм и Іыхьлыхэр щауэм и унагъуэм щызэгурыІуауэ, уасэ щызэІэпахауэ щежьэжкІэ, хьэщІэхэм джэгу хуащІырт. Ахэр зэрырагъэжьэж къафэм «уасэІых къафэкІэ» еджэрт.

### Уасэ Іыхьэ

Жылагъуэ зэхэтыкІэм ехьэлІауэ адыгэхэм яІа хабзэм зэреджэщ. Пасэм щыгъуэ пщым и пхъур лІы щыдэкІуэкІэ, уасэшхуэ кърату щытащ. А уасэм и зы Іыхьэ пщым и уэркъхэм, зэрахуэхъум хуэдэу, яхуигуэшырт. Апхуэдэм «уасэ ІыхьэкІэ» еджэрт.

# ФІы щІэи, псым хэдзэ

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

Зауэ нэужь лъэхъэнэт. ЦІыхухэри псэущхьэхэри шхынкІэ гугъу ехьырт. Гъаблэти, ІэмыщІэ изыр унагъуэм зэрагъэзахуэрт. ЩІымахуэри етарэ, жьычу щІыІэт. Хьуд Іуэм итт. КъыхуэнэжакІэ мэкъу тІэкІур гуахъуэкІэ зэхуихьэсыжри, жэмыжь закъуэ иІэм иритат. МахуитІ хъуауэ и гъунэгъум и жэмыжьыр мыувыІэу бурт. Ари тхьэмыщкІафэ дыдэу, и макъри къимыкІыжу, уи гур игъэузу. Унэм щІэмыхьэжу Хьуд Лу деж екІуэкІащ.

- Уэлэхьэ, Хьуд, сиякъ симыІэ естыну, мэкъумылэ тІэкІу сиІари сухам. СукІыжынущи, дауэ дызэрыхъунур, а зы жэмыжьым псори дыкъуэсщ, - хэплъапэу жеІэ Лу.

Хьуд зыри жимыІэу къекІуэкІыжри, «Уэ нобэкІэ ущышхакІэ, махуитІ хъуауэ зыри зыІумыхуам хуэтхьынщ. Пщэдей ди насып зыхэлъ дылъыхъуэнщ. Пэжкъэ, Къуэлэныжь?» - и щхьэ хуэпсалъэрэ жэмым едэхащІэрэ умыщІэу, ину жиІэрт Хьуд. И жэмыжьым худилъхьа мэкъур къыдихыжри, Лу и жэмым хуихьащ. Жэмыжь мэжэлІам еплъурэ игъэшхащ. Зи ныбэ тІэкІу ихуа жэмыжьыр и нэшхуэхэмкІэ Хьуд къеплъырт. Жэмым и нэ пІащэхэм телъа нэпсри текІыжауэ къыщыхъурт Хьуд. Лу и унэ пхэнж цІыкІуми уэздыгъэ нэфыр щыблэрт. Щхьэгъубжэ хэгъэмба тІэкІуми удэплъмэ, плъагъурт Лу и бынунагъуэр нэщхъейуэ зэрызэхэсыр. Абыхэми гу къылъамытэу, Хьуд хуэмурэ къекІуэкІыжащ.

БАГЪ Марьям.

# Псалъэзэблэдз

**ЕкІуэкІыу:** **5**. Фо ... жей нэхъ ІэфІщ. **6**. ... пшахъуэщи, гъащІэр пцІащхъуэщ. **7**. Къуэ уиІэмэ, нысэ .... **9**. Аргъуейр пхъэІэщэм ... вы бжьакъуэм тести, «довэ» жиІащ. **10**. Пщэдджыжь ... гъэхьэщІэгъуафІэщ. **11**. КъэдаІуэ, ... хъыджэбз, зэхэщІыкІ, ... нысэ. **12**. Мыщэ шхэри зы ... къелщ. **13**. ... къуэлэн и щІасэщ. **15**. Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ .... **17**. ... - Іуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ. **20**. Зэз зи бзэгу телъым ІэфІ щымыІэж ... . **21**. Яжьэм ... и тесэнщ.

**Къэхыу:** **1**. Джэдумрэ фызымрэ унэгуащэщи, ... лІымрэ ныбгъуащэщ. **2**. Уи ... укъыщигъапцІэ къохъу. **3**. Улажьэмэ, лыжь пшхынщ, умылажьэмэ, ... бгъуэтынщ. **4**. Фыз ... лІыгъапцІэщ. **7**. Щэ уэстын, щэ я ... зы уэстын? **8**. Іуэхур жыІэгъуафІэ ..., щІэгъуафІэкъым. **14**. ЩІопщыкъурэ пэт жьы ... . **16**. ШыгъупІастэм ... иІэщ. **18**. Бжьэ зыдэсым фо ... . **19**. Нысэ мыхъунур жьантІажэ мэхъури, ... мыхъунур ищхьэм щолыд.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.



***Накъыгъэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***
***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Дзэлыкъуэдэс. **6**. Сэшхуэ. **9**. Тулэ. **10**. Фэнд. **12**. Бырыб. **16**. Къарэмырзэ.
***Къэхыу:*** **1**. Дзэху. **2**. Лэпс. **3**. Къурашэ. **4**. Дадэ. **5**. Сыдж. **7**. Къута. **8**. Гъудэ. **11**. Армум. **12**. Блэр. **13**. Бгъэр. **14**. Хьэкъ. **15**. Ужьэ.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

# Хабзэр зэрыпщІкъым

«Хабзэ» - жеІэ цІыхур псэлъамэ. А псалъэр яІурылъщ къыщезэгъи къыщемызэгъи. «Гугъу зыщІезгъэхьыр хабзэращ», «Хабзэращ апхуэдэу щІэсщІар», - жаІэу куэдым зэхэпхынущ. Абы щыгъуэми урохьэлІэ а хабзэр къафІэмыІуэхуу, ауэ абы и хьэтыркІэ сытри ищІэну хьэзыру зыкъыпщагъэхъуу, я щхьэ я фейдэ, фІыщІэ лъыхъуэхэм. Езым и Іуэху зэрыдэкІынщ апхуэдэр зыхэтыр. УкъыхуеплъэкІыжмэ, фейдэ гуэр Іуэхум къыхихыну ищІэмэ, апхуэдэр зыуи къыщымыхъуу а езым сытым дежи Іурылъ хабзэм ебэкъуэфынущ. Хабзэр узэрыхуейм хуэдэу, уи фейдэ къызэрыхэкІынкІэ зэблэпшмэ, ар хабзэжкъым, щхьэхуещагъэщ.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.





# Плъыфэхэр «къэзыгъэIэса» дыщэкI

**Модельер-дэрбзэр Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щагъэлъагъуэ Сирием къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъу, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ ЮНЕСКО-м гъуазджэхэмкIэ и дунейпсо ассоциацэмрэ хэт дыщэкI Соснакъ Мухьэмэд и лэжьыгъэхэр.**

СОСНАКЪ Мухьэмэд Дамаск щыпсэу адыгэ унагъуэм къыщалъхуащ. Хэкужьым пэIэщIэми, и адэ-анэм ар адыгэ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ щIапIыкIащ. Мухьэмэд 2000 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щIэтIысхьэри, инженер IэщIагъэр иIэу къиухащ. Адыгэ щэнхабзэм ар щыдихьэхыпар Сирием игъэзэжа нэужьщ. Бзылъхугъэ лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэм щIыгъу хьэпшыпхэм я дахагъэм щитхьэкъум, абы зрипщытыну мурад ищIащ. Пасэрей адыгэ бгырыпххэм ятелъ тхыпхъэхэм ар нэхъри хуагъэушащ лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ иджыным.

Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм адыгэ теплъэ зэраIэмрэ лъэпкъ IуэрыIуатэм ижь къазэрыщIихуамрэ къадэкIуэу, дуней псом щикъухьа ди лъэпкъэгъухэр дэнэ щIыпIэ къыщыхутами, пасэрей хабзэр ди нобэм къызэрахьэсыфам и нэщэнэу тхыдэ лъэмыжым урагъэплъэж. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ адыгэ цIыхубз фащэхэм ящIыгъу бгырыпххэр, бгъэIулъхэр, пхъэм, гъущIым, нэгъуэщIхэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр. ГъэщIэгъуэнщ пасэрей адыгэ щэнхабзэмрэ IуэрыIуатэмрэ я дунейм ухэзышэ ажэгъафэхэм къагъэсэбэпу щыта нэкIуIупхъуэхэр зэрищI щIыкIэри. Адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ зи лъабжьэ лэжьыгъэхэм удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Лъэпкъ бзылъхугъэ фэилъхьэгъуэхэм ящIыгъу хьэпшыпхэм, дыщэ-дыжьынхэкIхэм я дахагъэр къыпхуэмыIуэтэнщ. Иджырей зэманым декIуу Соснакъым къигъэщIэрэщIэжа, щIэупщIэ зиIэ лэжьыгъэхэри и мащIэкъым. Ахэр щыхьэт тохъуэ гъуазджэм гъунэ зэримыIэм.

- Зэгуэр бзэри фIыуэ имыщIэу Налшык къэкIуауэ щыта Соснакъ Мухьэмэд и IэпщIэлъапщIагъэм зэман кIэщIым къриубыдэу езыр-езыру зэрыхигъэхъуар, зэрызиужьар узыгъэгуфIэщ. И лэжьыгъэхэм нэгъуэщIхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэм щумылъагъу гуэрхэр къызэрыщигъэсэбэпым, къыщыхъуа щIыналъэм щызекIуэ дуней лъагъукIэ зэриIэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. И лэжьыгъэхэр зэманым зэрыдекIум къыхэкIыу, пщащэхэм зэрахьэну яфIэфI дыдэщ. Мухьэмэдрэ сэрэ куэд щIауэ дызэдолажьэри, зэпымыуүэ и Iэзагъэм зэрыхигъахъуэр си нэгу зэрыщIэкIым срогушхуэ. ДяпэкIи Тхьэм иригъэфIакIуэ, - жиIащ Сэралъп Мадинэ.

- Мухьэмэдрэ сэрэ зэгуэр дытепсэлъыхьат пасэрей хабзэмрэ классикэмрэ зи лъабжьэ иджырей гъуазджэ лэжьыгъэхэм тегъэщIэн зэрыхуейм, - жеIэ сурэтыщI Тхьэзэплъыж Руслан. – Мы гъэлъэгъуэныгъэр а гупсысэхэм я щапхъэщ. Абы и щыхьэтщ лэжьыгъэхэр къызыхэщIыкIари абыхэм я плъыфэри. Сэралъп Мадинэ игъэхьэзыра фэилъхьэгъуэхэм жэзым, гъуаплъэм, домбеякъым къыхэщIыкIа, зи плъыфэр нэхъ «щIауфа» цIуугъэнэхэр щыщIыгъужым деж, дахагъэм нэр етхьэкъу. Адыгэ хабзэмкIэ дыщэми дыжьынми я плъыфэр ящIыртэкъым нэм зыщIидзэу. Мухьэмэд а Iэмалыр ноби къызэригъэсэбэпыр уолъагъу. Кавказым ис IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьыгъэхэр пасэрей адыгэ IэпэIэсэхэм ейм къащхьэщыкIырт икIи ар зи IэрыкIыр хэмыгъуащэу занщIэу къэпцIыхурт.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Къэзыуххэм ехъуэхъуащ





**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прокуратурэм и ветеранхэу Мэшыкъуэ Хьэчим, Шаваев Виталий, Шэт Ларисэ, Ныр Анзор сымэ щыIащ езыхэр щеджа школхэу Лэскэн районым и Аргудан, Бахъсэн районым и Куба, Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэхэм, Шэджэм къалэм, Прохладнэ районым щыIэхэм.**

ХЬЭЩIЭХЭМ школыр къэзыуххэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ, а махуэр абыхэм я дежкIэ зэрыгуфIэгъуэм и мызакъуэу, балигъ гъащIэм хуэзыунэтIу зэрыщытыр къыхагъэщащ, еущиящ сыт щыгъуи гуапагъэмрэ хабзэмрэ я гъуэгум тетыну, мурад лъагэхэр зыхуэгъэувыным щымышынэу, ерыщу ахэр зыIэрыгъэхьэным хуэкIуэну.

Прокуратурэм и ветеранхэм щIалэгъуалэм яхуэзэныр къытщIэхъуэ щIэблэр хэкур фIыуэ ялъагъуу, хабзэ яхэлъу гъэсэнымкIэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щызиIэщ.

**ДОЛ Мадинэ.**



# Футбол цIыкIу

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и IэнатIэ хэхахэм я хэщIапIэм щекIуэкIащ футбол цIыкIумкIэ чемпионат. Абы хэтащ щIыналъэ командэу 5. Ар траухуат а IэнатIэр илъэси 10 зэрырикъум.**

ЗЭПЕУЭМ и япэ Iыхьэм хэта командэхэр гупитIу гуэшати, япэ, етIуанэ увыпIэхэр къэзыхьахэр финал ныкъуэм кIуащ.

А зэIущIэхэм командэ нэхъ лъэщу плIы щызэхуэзати, текIуахэр кIэух Iыхьэм хэтащ, адрейхэр ещанэ увыпIэм щIэбэнащ.

А зэхьэзэхуэ гуащIэм щытекIуащ «Эльбрус» СОБР-м и гупыр, етIуанэ увыпIэр къахьащ «Вершина» ОМОН-м и лIыкIуэхэм, Ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ управленэм и гупыр ещанэщ.

Зэхьэзэхуэхэр щызэхуащIыжым, Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм я Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, полицэм и полковникыу къулыкъум хэкIыжа Хужьокъуэ Руслан зэпеуэм хэтахэм ехъуэхъури, текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ чемпионатым и щIыхь тхылъхэмрэ кубокхэмрэ яритащ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.266 • Заказыр №1102

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А